Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъимлъе, пиль гьечIого, хур.

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 38 (6499) 8 август 2016 с. Итни ЗулкъагIида 1437 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИЯЛ

## 12 август – Халкъазда гьоркьосеб гIолилазул къо

**Щибаб соналъ 12 августалда кIодо гьабула Халкъазда гьокьосеб гIолилазул къо. Нилъер гIолилаз гIахьаллъи гьабулареб халкъияб магIишаталъул бутIа гьечIо. Гьел хIалтIулел руго росдал магIишаталдаги, сахлъи цIуниялдаги, маданиял учрежденияздаги, лъайкьеялдаги, библиотеказдаги, цогидал идарабаздаги.**

Киса-кибего гIолилаз цебехъанлъи бихьизабулеб буго.

РакIчIараб буго гIолилаз хадубккунги хIалтIулъ мисал бихьизабизе букIиналда.

РакI-ракIалъ баркула гIолилазда Халкъазда гьоркьосеб гIолилазул къо. Гьарула икъбал, талихI, рохел, хIалтIулъ, цIалулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

## Баркула физкультурникасул къо

**ХIурматиял районалъул спортсменал, мастерлъиялде кандидатал, киналго тайпабазул ва церерахъиназул чемпионал, призерал, спорталъул ветеранал!**

РакI-ракIалъ баркула нужеда физкультурникасул къо. Биччанте нужер гьунараз, бергьенлъабаз машгьур гьабизе гIагараб Гумбет район ва Дагъистан.

Гьарула нужее чорхое сахлъиги, къуватги, жанги.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ – МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

# Чаран гIадин, черхги рухIги лъадарулеб къебелъи

### Гумбет районалъул ЛъаратIа росулъ футбол хIалеб байдан рагьана

**2016 соналъул 3 августалда Гумбет районалъул ЛъаратIа росулъ рагьана футбол хIалеб гьитIинаб байдан.**

Гьеб рагьиялда гIахьаллъана Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул заместитель **СайгидахIмад АхIмадов,** МугIрузул территориалияб округалда Дагъистаналъул бетIерасул ихтияр кодосев вакил **ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов,** ЦIияблак районалдаса тумал цIияб бакIалде гочинариялъул ва ГIавухъ район цIидасан гIуцIиялъул суалазул рахъалъ Дагъистан Республикаялъул хIукуматалъул управлениялъул начальник **МухIамадгIали МухIамадгIалиев,** Гумбет районалъул бетIерасул ишал тIуралев **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров,** ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат **НурмухIамад ГIалиев,** районалъул актив, росабалъа вакилзаби ва цогидалги.

Лента къотIун ва футбол хIалеб гьитIинаб байдан рагьун хадуб баркиялъулаб кIалъай гьабуна Гумбет районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас.

«ЦIияб цIалул сон байбихьилелде спортивияб байданги рагьун, унго-унгояб сайгъат щвана ЛъаратIа росдал гIадамазе, хасго гIолохъанаб гIелалъе. Нилъер мурад буго щибаб лъимер, щивав гIолилав къуватавлъун ва сахлъи щулиявлъун гIун вачIин. Спорталъ гIадамазул къаркъала лъадарула, гьел къохIехьолеллъун, къуваталлъун, бихьинчияллъун лъугьинарула. ХIажат гьечIеб пишаялдехун гьетIизе течIого, гIолилал спорталдехун кидаго машгъуллъизе гьариялде кIвар кьезе ккола. РакIчIун абизе кIола терроризмалде данде рагъбаялъеги, спорталде машгъуллъараб гIумру гьабуни, хIасилал лъикIал рукIине руго», - ян абуна ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас.



ДРялъул Халкъияб Собраниялъул Председателасул заместитель СайгидахIмад АхIмадовас бицана Республикаялъул тIалъиялъул политикаялъул приоритетниял рахъал ва Дагъистан цебетIеялъул программаби тIураялъул.

«Дагьаб цебегIан ЦIунди ва Щабдухъ росабазул гIадамаз гIумру гьабулеб Первомайское хъутаналда рагьана ДРялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министр ШагьгIабас Шагьов, ДРялъул физическияб культураялъул ва спорталъул министрасул тIоцевесев заместитель **Зайнал Салаутдиновги** гIахьаллъун лъималазул ах ва футбол хIалеб гьитIинаб байдан. Гумбет районалъул нухмалъулез хIисабалде босун буго 12 росулъ футбол хIалеб байдан рагьизе.

Нижеда якъинго бихьула ахириял соназ Дагъистаналда кколел хиса-басиял. Щибаб моцIалъ хIалтIизаризе кьолел руго социалияб кIваралъул рарал бакIал, спортивиял, лъайкьеялъул, сахлъи цIуниялъул бакIал, рагьулел руго лъималазул школал, ахал. Дагъистаналъул бетIер **Рамазан ХIажимурадович ГIабдулатIиповас** хасаб кIвар буссинабун буго нилъер регион цебетIезабиялде», - ян абуна Дагъистаналъул парламенталъул вице-спикер СайгидахIмад АхIмадовас.

МугIрузул территориалияб округалда Дагъистаналъул бетIерасул ихтияр кодосев вакил ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас бакълъулазда баркана цIибараб бакI рагьи ва абуна:

«Дагъистан Республика цебетIолеб буго. БетIерлъун Рамазан ГIабдулатIипов ккаралдаса Дагъистан кризисалъул ахIвал-хIалалдаса борчIизабуна. МугIрузул территориалияб округалда Дагъистаналъул бетIерасул ихтияр кодосев вакил хIисабалда, Рамазан ГIабдулатIиповасул рахъалдасан баркала загьир гьабула жакъа рагьараб футбол хIалеб гьаб байдан баялъулъ гIахьаллъаразе».

Футболалъул байдан рагьулаго цере рахъана «Гумбеталъул гьунарчагIи» коллектив ва «ГьитIинал магIарулал» къурдул ансамбль.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**ЖамагIаталъул газа къурдаги рекIунеб**

-2 гьум.



**Щуго килиш, цохIо квер, босе, гьудул, босе гьаб…**

-2 гьум.



**Меседил гIоркь бугеб гIарцул харицел…**

-3 гьум.



**Роолаб хIисаб гIелмуялъул школа**

-3 гьум.

БАКЪЛЪУЛАЛ – ГIАТIИРАКЬАЛДА

# ЖамагIаталъул газа кьурдаги рекIунеб

### Бабаюрталъул зонаялда Первомайское росулъ рагьана лъималазул ах ва футболалъул байдан

**Гумбет районалъул Щунди ва Щабдухъ СПКязул хIалтIухъабаз гIумру гьабулеб Бабаюрталъул зонаялда бугеб Первомайское росулъ 2016 соналъул 30 июлалда рагьана школалда цебе 25 лъимералъе бакI бугеб «Гьими» ах ва футбол хIалеб гьитIинаб байдан.**

Гьеб рагьиялда гIахьаллъана Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул заместитель **СайгидахIмад АхIмадов,** ДРялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министр **ШагьгIабас Шагьов,** ЦIияблак районалдаса тумал цIияб бакIалде гочинариялъул ва ГIавухъ район цIидасан гIуцIиялъул суалазул рахъалъ Дагъистан Республикаялъул хIукуматалъул управлениялъул начальник **МухIамадгIали МухIамадгIалиев,** «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров,** ДРялъул физическияб культураялъул ва спорталъул министрасул тIоцевесев заместитель **Зайнал Салаутдинов** ва цогидалги.

КIалъазе вахъарав Дагъистаналъул парламенталъул вице-спикер СайгидахIмад АхIмадовас абуна республикаялда кIудияб кIвар кьолеб бугин школалда цересел цIалул заведенияздасан байбихьун, тIадегIанал цIалул заведениязде щвезегIан, лъайкьей цебетIезабиялде.

«Дагъистаналъул бетIер **Рамазан ГIабдулатIиповасги** хасаб кIвар буссинабун буго лъайкьеялде, гIелмуялде, культураялде. Дагъистаналъул бетIерасул юбилеялда цересел къояз иргадулаб лъималазул ах рагьиялъги нугIлъи гьабула, республикаялъул



нухмалъулесул социалияб политика гIумруялде бахъинабулеб букIиналъе. Гьеб гIемераб хIалтIи гьабуна ДРялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министр ШагьгIабас Шагьовас, ЦIияблак районалдаса тумал цIияб бакIалде гочинариялъул ва ГIавухъ район цIидасан гIуцIиялъул суалазул рахъалъ Дагъистан Республикаялъул хIукуматалъул управлениялъул начальник МухIамадгIали МухIамадгIалиевас ва цогидазги»,-ян абуна СайгидахIмад АхIмадовас.

Гьалбадерица гьединго рагьана футбол хIалеб гьитIинаб байдан. Гьеби лъималазул ахго гIадин, инвестициязул, садакъаялъе кьураб гIарцул кумекалдалъун бана.

«Гьеб кIиябго бакI баялъулъ гIахьаллъи киналго росуцояз гьабуна ва гьелъ гIадамал жеги щулаго гьункиялъе, цоцалъ рекъон хадурккунги рукIиналъе рес кьезе буго», - ян абуна МухIамадгIали МухIамадгIалиевас.

ДРялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министр ШагьгIабас Шагьовас, Дагъистаналъул физическияб культураялъул ва спорталъул министрасул тIоцевесев заместитель Зайнал Салаутдиновас баркала кьуна республикаялда церечIарал масъалаби тIуразариялде буссараб хIалтIи гьабурав, хасгьабун абуни, Бабаюрталъул зонаялда Первомайское росулъ лъималазул ах баялъулъ ва футбол хIалеб байдан гьабиялъулъ кIудияб бутIа лъурав МухIамадгIали МухIамадгIалиевасе.

Гьалбадерица цIи рагьарал бакIазе кьуна сайгъатал. БукIана сухIмат-кепги.

**«Гумбет» РИО**

МАГIАРУЛ ЧИЯЛИ ЧАНГИ КЪЕРКЬАРАВ…

# Щуго килиш, цохIо квер, босе, гьудул, босе гьаб…

### Дагъистаналъул бетIерасул юбилеялъул хIурматалда торгIо хIаялъул турнир

**Гумбет районалда тIобитIана Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул юбилеялъул хIурматалда торгIо хIаялъул турнир.**

Турнир рагьиялда гIахьаллъана Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул Председателасул заместитель **СайгидахIмад АхIмадов,** МугIрузул территориалияб округалда Дагъистаналъул бетIерасул ихтияр



кодосев вакил **ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов,** ЦIияблак районалдаса тумал цIияб бакIалде гочинариялъул ва ГIавухъ район цIидасан гIуцIиялъул суалазул рахъалъ Дагъистан Республикаялъул хIукуматалъул управлениялъул начальник **МухIамадгIали МухIамадгIалиев,** ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат **НурмухIамад ГIалиев,** Гумбет районалъул бетIерасул ишал тIуралев **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров** ва цогидалги.

ТурниралъулгIахьалчагIазда ва балагьаразда баркун кIалъана Гумбет районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров.

«Жакъасеб турнир сайгъат гьабулеб буго Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул юбилеялъе. Республикаялъул бетIерасеги бокьула торгIо хIай, гьесул хIаракатчилъиялдалъун цебетIуна Дагъистаналда спорталъул гьеб тайпа», - ян абуна ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров.

Дагъистаналъул парламенталъул вице-спикер СайгидахIмад АхIмадовас абуна: «Гумбет районалъул ЛъаратIа росулъ жакъа тIобитIулеб буго торгIохIаялъул турнир Дагъистан Республикаялъул бетIер **Рамазан ХIажимурадович ГIабдулатIиповасул** 70 сонилаб юбилеялъул хIурматалда. Республикаялъул бетIерасе бокьула спорт, хасго торгIохIай. Рамазан цIакъ вохула, разилъула гIолеб гIелалъе цебетIей цвеялъе шартIал ругел спортивиял бакIал хIалтIизаризе кьеялъ ва спорткъецал тIоритIиялъ».

МугIрузул территориалияб округалда республикаялъул бетIерасул ихтияр кодосев вакил ГIабдулмуслимовас кIалъаялда рехсана нилъер улкаялда спорт цебетIезабиялде федералияб ва регионалияб нухмалъиялъ кидагосеб кIвар кьолеб бугилан.

«Республикаялъул бетIерги спортсмен вуго, гьес




мугIрузул улкаялда торгIохIай цебетIезабиялъулъ кIудияб бутIа лъолеб буго. Бергьенлъаби росулел руго Дагъистаналъул торгIохIаялъул тIаса бищараб командаялъ, гьеб тIоцебесеб лигаялда буго. Нилъеда лъала, Россиялъул президент Владимир Путиниеги спорт бокьула, хIала хоккей, дзюдо. Улкаялъул бетIерас хасаб кIвар кьолеб буго гIадамал физическияб ва рухIияб рахъалъ лъадариялде. Дагъистаналъул бетIерасул командаялда гьорлъ гумбеталъулазги мустахIикъаб бакI ккoлеб буго», - ян абуна ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас. ТоргIохIаялъул турнир рагьиялда кIалъазе рахъана ЦIияблак районалдаса тумал цIияб бакIалде гочинариялъул ва ГIавухъ район цIидасан гIуцIиялъул суалазул рахъалъ Дагъистан Республикаялъул хIукуматалъул управлениялъул начальник МухIамадгIали МухIамадгIалиев,

**(Ахир-лъабабилеб гьум.)**

ХАЛКЪАЛЪУЛ БЕР ГIОРЦIАРАБ ГIАЖАИБАБ ДАГЪИСТАН

# 1523 тонна тIощалил

### Бакълъулазул росдал магIишаталъул бачIин

### 1523 тонна тIощалил

**- 2016 соналъе хъутабазда Гумбет районалъул росдал магIишаталъул кооперативаз (СПКяз) хасалил культураби рекьун рукIана 664 гектаралда, - ян бицана районалъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул агроном ХIайбула Нажмудиновас. Гьелдасан 642 гектаралдаса бачIин бакIарана.**



Щвана 1523 тонна тIощалил. Гьоркьохъеб хIисабалда цо гаялдаса бачIана 23,7 центнер. Араб соналде дандеккун тIощалил гIаммаб бачIин 283 тоннаялъ, щибаб гектаралдаса гьоркьохъеб хIисабалда бакIарараб 1,5 центнералъ цIикIкIана. Щибаб гектаралдаса «Тляратинский» СПКялъ 25,5, «Цилитлинский», «Данухский» СПКяз 24, «Щабдухский» СПКялъ 23,9, «Гьудуллъи» СПКялъ 23,6, Шамилил цIаралда бугеб, «Цундинский», «Мехельтинский» СПКязул щибалъ 23 центнер тIощалил бакIарана. ГьабсагIат байбихьун буго тIасияб соналде культураби рекьизе ракь бегиялъул хIалтIуда.

### 8929 тонна харил

Бабаюрталъул зонаялда ругел Гумбет районалъул СПКяз хъутабазда 5 августалде хIадурун буго 5185 тонна харил. ГIадамаз жалго бетIергьанаб гIи-боцIиялъе хIадурун буго 3735 тонна. РагIи-хер хIадури лъикI унеб буго 1500 тонна хIадурараб «Мехельтинский» СПКялда, 675 тонна хIадурараб Шамилил цIаралда бугеб СПКялда, 650 тонна хIадурараб «Цундинский» СПКялда, 630 тонна хIадурараб «Щабдухский» СПКялда. Гьединго «Цилитлинский» СПКялъ – 510, «Тляратинский» СПКялъ – 390, «Данухский» СПКялъ – 320, «Ингишинский» СПКялъ – 350, «Гьудуллъи» СПКялъ – 85, «Гадаринский» СПКялъ – 75 тонна харил хIадурун буго. ХIадурараб хер баччулеб буго гIи-боцIул гьоразде асклобе.

СПКязул нухмалъулез хIаракат бахъулеб буго хасалоялде гIаммаб гIи-боцIуе гIунги тIокIаб рагIи-хералъул нахърател букIинабизе.

**ГIайшат Исламбиева**

МАДАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Меседил гIоркь бугеб гIарцул харицел...

### Маданиял идарабаз – МугIрузул соналъе

**КIиабилеб августалда МелъелтIа росдада цебе рохьоб бугеб хIухьбахъиялъул зонаялда данделъун рукIана Гумбет районалъул маданиял учреждениязул, библиотекабазул, МелъелтIа «Бакъ» лъималазул ахалъул, «Сельсовет “Мехельтинский”, росдал поселениялъул администрациялъул, информациялъул «Гумбет» гIуцIиялъул ва цогидалги хIалтIухъаби. Гьениб МелъелтIа росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей ГIазра Халидовалъ тIобитIулеб букIана «Рецул гвай» абураб байрам. Гьеб букIана Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас МугIрузул сонлъун лъазабураб исанасеб лъагIел, мустахIикъаб къагIидаялда кIодо гьаби мурадалда тIобитIулеб тадбир.**

Кодор хъандирабигун, раччун турпигун руччабиги, гьежда харицелалгун бихьиналги рачIун ругоан гьенире. «Рецул гвай» байрамалда рукIана умумузул гIадатал ракIалде щвезабулел тадбирал, хасго рецарухъабазул гвай гуребги, «Бакъ» лъималазул ахалъул хIалтIухъабаз бихьизабураб цIоросаролъ чIучIиналъул «Болхъа» абураб гвайги. Лъималазул ахалъул нухмалъулей **Салимат ХIамидовалъул** нухмалъиялда, гьеб тадбир балагьаразул ракIазе лъикIаб асар гьабуледухъ бачана гьез. «Болхъа» тадбиралда цIоросаролъги чIучIана гвавулъ гIахьаллъараз, ахIана халкъиял кучIдулги, гьаруна умумузул кьурдабиги.

«Рецул гвай» байрамалда цере рахъана «Гумбеталъул гьунарчагIи» ансамблялъул кочIохъаби, кьурдухъаби. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана ригь арав чи вугониги, гвавулъ векарисе цебехъанлъи бихьизабурав, церегосел музыкалиял тIагIелазда батIи-батIиял макънал рачарав, МелъелтIа росдал маданияб идараялда хIалтIулевги вукIарав ЖабрагIил Маладибиров.

Байрам дагъабги берцин гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал **ХIайбула ГIабдурахIманов ва АхIмад Сулайманов** рачIиналъги, гьел кIалъазе рахъиналъги.

МугIрузул сон экономикиябгун социалияб рахъалъ бергьенлъаби росулаго нухда регIиялъе Гумбеталда гьабулеб бугеб хIалтIуда, церечIарал масъалабазда тIадчIейги гьабулаго, жидерго кIалъаязда гьез рехсана гIияхъанлъиялда ва цогидалги магIишатиял бутIабазда росарал бергьенлъаби. Абуна МугIрузул сон кIодо гьабиялъе маданиял учрежденияз жигараб хIалтIи гьабулеб бугин. Дагъал церегIан къояз ЦIилик маданиябгун хIухьбахъиялъул централъ тIобитIараб ва жакъа тIобитIулеб бугеб МелъелтIа гьединаб централъул тадбирги МугIрузул соналда хурхараб бугилан. Гьез райадминистрациялъул рахъалдасан Баркалаялъулал кагътал къуна жигараб творческияб, тIадегIанаб махщалида хIалтIи гIуцIиялъе гIоло МелъелтIа ва ЦIилик маданиялгун хIухьбахъиялъул





централзул нухмалъулел ГIазра Халидовалъеги ГIабдухаликъ ГIубайдовасеги.

Байрамалде рачIаразе баркала загьир гьабуна ва «Бакъ» лъималазул ахалъул хIалтIухъабазе, лъикIаб церерахъин гIуцIаралъухъ, гIарцулаб сайгъат къуна «Сельсовет “Мехельтинский”» росдал поселениялъул администрациялъул бетIер **МухIамад ГIабдулнасировас.**

Киналго гIахьаллъаразе ракI-ракIалъулаб баркала къуна МелъелтIа маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей **ГIазра Халидовалъ.**

ЛъикIаб гьоболлъиялъухъ гьелъиеги киназго баркала загьир гьабулеб букIана.

**Къурмагъиз ХIадисова**

СОВЕТАЗДЕ ЩАЛ РИЩИЗЕ ККОЛЕЛ

# 18 сентябрь – рищиязул къо

### Районалъул администрациялда гьоркьоб лъуна рищиязул хIакъалъулъ суал

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда гьоркьоб лъуна 2016 соналъул 18 сентябралда Россиялъул Федерациялъул ПачалихъияБ Думаялде ва Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялде депутатал рищиze рищиял тIоритIиялъул хIакъалъулъ суал. Данделъиялда гIахьаллъана администрациялъул жавабиял хIалтIухъаби, росабазул поселениязул бутIрул ва заместителал, учреждениязул ва гIуцIабазул цо нухмалъулел.**

Данделъи рагьана ва бачана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIмановас.** Гьес бицана рищиязде Гумбет районалда гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул, рищиязул комиссиязул хIалтIуе хIажалъулеб материалиябгун техникияб хьезари букIинабиялъе бакIалъулаб самоуправлениялъул органазда церечIарал масъалабазул.

«Цоги нухалда мухIкан гьаризе ккола жидеца рищулезул сияхIал, щивав чиясе рес щвезе ккола, жиндирго конституциялъулаб ихтиярлда пайда босун, рищиязда гьаракь кьезе. Рищиял гIуцIа-къан тIоритIиялде мухIканаб хIадурлъиги гьабизе ккола», - ян абуна ГIабдурахIмановас.

Росабазул бегавулзабаз бицана рищиязде бакIазда гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул.

**«Гумбет» РИО**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

# ЗахIмат-рахIаталъул аваданаб бакI...

**Гьаб соналъул 12 июлалдаса 28 июлалде щвезегIан Буйнакск районалъул «Планета» абулеб лъималазул лагералде хIухьбахъи гьабизе ун рукIана дир ясалъул лъимал, Асадулаевал: Асадула, ГIабдулагь ва ГIалимухIамад. Гьел гьенире ритIизе кумек гьабуна Игьали гьоркьохъеб школалъул директор СагIид МухIамадовас ва районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас.**

Лъимал гьениб гьабураб хъулухъалдаса кутакалда рази руго. Гьезие гьениб чIезабун букIун буго тIагIамаб квен, регизе бацIцIадаб бусен, гьарулел рукIун руго сапарал, спортивиял къецал ва гь. ц. Гьенире гьел щвезаризеги нахъе рачинеги дунгун цадахъ жидерго машина битIана Муса КъурамухIамадовас ва гьев кIудияй педагогалъулгун ва вожатаялъулгун бухьенги ккун, чанго нухалъ кIалъан ватана лъималазул ахIвалхIалги цIехон. Лагералъул кIудияй педагог Залина МухIамадовна ва вожатая ПатIимат МухIамадмирзаевна лъималаздаса рази ругоан. ГIабдулагь Асадулаевасе гьез къун бугоан лагералъул гIумруялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабуралъухъ ХIурматалъул грамота.

Дие бокьун буго, лъималазе хIухьбахъизе ине кумек гьабуралъухъ, райОНОялъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовасе ва Игьали школалъул директор СагIид МухIамадовасе, хIухьбахъи гьабизе шартIал гIуцIаралъухъ кIудияй педагог Залина МухIамадовнаялъе ва вожатая ПатIимат МухIамадмирзаевнаялъе кIудияб баркала кьезе. Аллагьас гьезие кьеги халатаб гIумру, щулияб сахлъи ва гьарула хIалтIулъ бергьенлъаби. Лъималазда гьикъидал тIасияб соналъги гьенире ине бокьилищан, гьез жаваб къуна бокьилан, гьелъ нугIлъи гьабула гьел жидерго хIухьбахъиялдаса рази рукIиналъе.

**Баратилав АхIмадов, Игьали росу**

ГIЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

# Роолаб хIисаб гIелмуялъул школа

**КIиабилеб августалда Гумбет районалъул МелъелтIа бугеб интернаталда рагьана роолаб хIисаб гIелмуялъул школа. Гьеб рагьана ва бачана интернаталъул нухмалъулев Лабазан ХIажиевас. КIалъазе рахъана Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадов, МахIачхъалаялъул лъайкьеялъул централъул директор Аскер Аскеров, Краснодар шагьаралдаса Бернуллил цIаралда бугеб хIисаб гIелмуялъул централъул директор Игорь Федеренко.**

Роолаб хIисаб гIелмуялъул школалда цIализе рачIун руго Дагъистаналъул шагьараздаса, хIисаб гIелмуялъул олимпиадазда бергьарал 35 цIалдохъан ва Гумбет районалдаса 20 цIалдохъанги. Гьезие дарсал кьезе руго Москваялдаса Леонид Поповас, Краснодар шагьаралдаса Игорь Федеренкоца, МахIачхъалаялдаса Аскер Аскеровас, Габибула Габибулаевас, Каспийск шагьаралъул гимназиялдаса Юсуп Назировас, Дилималъул гимназиялдаса Камил ХIасановас.

Роолаб хIисаб гIелмуялъул школа хIалтIизе буго кIиго анкьалъ. ХIисабалъул дарсал кьей гуребги, лъималазе гIуцIизе руго спортивиял тадбирал, рачине руго экскурсиялъ ва тIоритIизе руго цогидалги ракIгъезабиялъулал тадбирал.

**ГIайшат Исламбиева**

# Щуго килиш, цохIо квер, босе, гьудул, босе гьаб...

**(Байбихьи-кIиабилеб гьум.)**

ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухIамад ГIалиев, «Село Тлярата» росдал поселениялъул бетIер Анвар Залумханов ва цогидалги.

Турниралда гIахьаллъана 13 команда. ХIалуцарал къецазда торгIохIаялъе тIоцебесеб бакI, «Сельсовет «Арадирихский»» росдал поселениялъул командаялъ, кIиабилеб бакI «Сельсовет «Игалинский»» росдал поселениялъул командаялъ, лъабабилеб бакI Килалъ росдал командаялъ ккуна.

Бергьарал командабазе къуна гIарцулал сайгъатал ва грамотаби.

**«Гумбет» РИО**

СОЦИАЛЬНАЯ ПОЛИТИКА

# Но твержу я, как будто молитву в пути, Каждый миг: «Берегите детей!»

Расул Гамзатов

## Обеспечение детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей, жилым помещением

**Дети-сироты и дети, оставшиеся без попечения родителей - это наиболее социально незащищенная группа граждан, которые нуждаются в большей степени, чем кто-либо в поддержке и защите государства**.

Существенной государственной поддержкой в Российской Федерации для детей, оставшихся без попечения родителей, а также лиц из их числа в возрасте до 23 лет является Федеральный закон от 21.12.1996 № 159-ФЗ «О дополнительных гарантиях по социальной поддержке детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей» (далее - ФЗ № 159-ФЗ). На основании его устанавливаются льготы для указанных граждан РФ, обеспечивающие реализацию их прав: на образование, медицинское обслуживание, на имущество и жилое помещение, на труд. Жилищные права - важная составляющая правового статуса этой категории лиц, поэтому не случайно проблемы обеспечения жилыми помещениями детей сирот и детей, оставшихся без попечения родителей, является одним из важнейших

С 1 января 2013г. вступили в силу изменения в Федеральный закон от 21.12.1996г. «О дополнительных гарантиях по социальной поддержке детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей».

С 1 января 2013г. п. 2 ст. 57 ЖК, согласно которому, вне очереди жильё по договору социального найма, предоставлялось детям-сиротам и детям, оставшихся без попечения родителей, лицам из их числа, по окончании их пребывания в образовательных и иных учреждениях, в том числе в учреждениях социального обслуживания, в приёмных семьях, детских домах семейного типа, при прекращении опеки (попечительства, а также по окончании службы в Вооруженных Силах РФ или по возвращении из учреждений, исполняющих наказание в виде лишения свободы - утратил силу.

Одновременно с этим с 1 января 2013 г. вступили в силу поправки в ст. 8 ФЗ от 21.12 1996 г. № 159 «О дополнительных гарантиях по социальной поддержке детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей». Данные гарантии распространяются на 1) детей - сирот, 2) детей оставшихся без попечения родителей, 3) лиц из числа детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей, которые: а) не являются нанимателями жилых помещений по договорам социального найма, или б) не являются членами семьи нанимателя жилого помещения по договору соц. найма, или в) не являются собственниками жилых помещений, или г) лицам, которые хотя и являются нанимателями жилых помещений по договорам соц. найма или членами семьи нанимателя жилого помещения по договору соц. найма либо собственниками жилых помещений, но их проживание в раннее занимаемых жилых помещениях признано невозможным органами власти субъекта РФ на территории которых такие лица проживают в порядке, установленном законодательством этого субъекта РФ.

Указанным выше лицам однократно предоставляется благоустроенные жилые помещения специализированного жилищного фонда по договорам найма специализированных жилых помещений, а не по договорам социального найма, как это было до 1 января 2013 г.

Одновременно внесены изменения в ст.103 ЖК РФ в целях обеспечения прав сирот на случай расторжения договора найма или перехода права собственности на жилое помещение. Согласно данным изменениям дети-сироты и дети, оставшиеся без попечения родителей, лица из числа детей сирот и детей, оставшихся без попечения родителей, не могут быть выселены из специализированных жилых помещений без предоставления других благоустроенных жилых помещений, которые должны находиться в границах соответствующего населенного пункта. Жилые помещения предоставляются указанным лицам по достижении ими возраста 18 лет, а также приобретения ими полной дееспособности до достижения 18 лет (при вступлении в брак до достижения совершеннолетия или при эмансипации по решению суда). Указанные лица должны обратиться с письменным заявлением по достижении 18 лет.

Список детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей, лиц из числа детей - сирот и детей, оставшихся без попечения родителей, которые подлежат обеспечению жилыми помещениями, в указанном порядке формирует орган исполнительной власти региона. В такой список названные лица включаются уже по достижении 14 лет. Законом предусмотрены также случаи невозможности проживания выше названных лиц в ранее занимаемых жилых помещениях:

- проживание в таком жилом помещении лиц, лишенных родительских прав в отношении этих детей, лиц из числа детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей, но лишь при наличии вступившего в законную силу решения суда об отказе в принудительном обмене жилого помещения в порядке ст. 72 ЖК РФ;

- проживание в жилом помещении лиц, страдающих тяжелой формой хронических заболеваний в соответствии с особым списком;

- признание жилого помещения непригодным для постоянного проживания или не отвечающим установленным для жилых помещений санитарным и техническим правилам и нормам, иным требованиям;

- если общая площадь жилого помещения, приходящаяся на одно лицо, проживающее в данном жилом помещении , менее учетной нормы площади жилого помещения, в том числе если такое уменьшение произойдет в результате вселения в данное жилое помещение сирот;

- иное установленное законодательством субъекта РФ обстоятельство. Постановлением Правительства РД от 26 августа 2013 г. № 408 утвержден:

Перечень документов, необходимых для включения в список подлежащих обеспечению жилыми помещениями, детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей, лиц из числа детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей. А также порядок установления факта невозможности проживании, детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей, лиц из числа детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей, в ранее занимаемых жилых помещениях, нанимателями или членами семей нанимателей по договорам социального найма, либо собственниками которых они являются. Жилое помещение указанным лицам по договору найма специализированного жилого помещения предоставляется на 5 лет. По истечении пяти летнего срока в случае необходимости оказания указанному лицу содействия в преодолении трудной жизненной ситуации, договор найма специализированного жилого помещения может быть заключен на новый пятилетний срок, такое повторное заключение договора возможно лишь 1 раз.

Это исключает возможность приватизации в указанный период, а также обмен этого жилого помещения или сдачу в поднаём. Право на обеспечение жилыми помещениями по основаниям и в порядке, которые предусмотрены выше, сохраняется за лицами, которые относились к категории детей- сирот и детей, оставшихся без попечения родителей , лиц из числа детей-сирот и детей оставшихся без попечения родителей, и достигли возраста 23 лет, до фактического обеспечения их жилыми помещениями.

**Орган опеки и попечительства Гумбетовского района**

ИСЛАМАЛЪУЛ ДАРСАЛ

## Къуръан цӀалун, гӀуцӀе харабаб гӀумру

**2011 соналъул сентябрь моцӀалъ моцӀалъ рачӀана ЦӀиликь мадрасалде Бакълъухъа МухӀамад ва гьесул хъизан. ВачӀараб къоялдасаго байбихьана МухӀамадица ЦӀиликьа лъималазда ва СайгидмухӀамад-хӀажи Абубакаровасул цӀаралда бугеб фондалъ ЦӀиликье ритӀун рачӀарал васазда тажвидалда Къуръан малъизе, гьединго гӀисиназда как малъизеги.**

Гьесул лъади Сафиятица тӀубазабуна мадрасаялде къватӀиса рачӀаразе квен гьабиялъул хӀалтӀи. РакӀбацӀцӀадго тӀубазабуна гьез жидедаго СайидмухӀамад-хӀажи Абубакаровасул цӀаралда бугеб фондалъ тӀад къараб борч. ГӀезегӀанго лъималаз ккуна призовиял бакӀал как баялъе, Къуръан цӀалиялъе ва гь. ц. Гьале исана июль моцӀалъул авалалда Бакълъухъе ана гьел.

ЦӀилкьадерица ракӀ-ракӀалъул баркала кьуна гьев МухӀамадие ва Сафиятие.

Росдацаго гьарулеб буго гьезие щулияб сахлъи, халатаб, талихӀаб гӀумру.

**ЦӀилик росдал жамагӀат**

ЗИГАРА

Дагъистаналъул муфти, шайих АхӀмад-хӀажи ГӀабдулаевасда, гъваридаб пашманлъиялдалъун, зигара балеб буго вац Анварбег-хӀажи Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Хварасе алжан насиблъаги, нахъе ругезе халатаб гӀумруги кьеги.

**СайгидахӀмад АхӀмадов,**
**Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул заместитель,**
**МухӀамадгӀали МухӀамадгӀалиев, Дагъистаналъул ХӀукуматалъул ЦӀияблак районалъул тумал гочинариялъул суалазул рахъалъ управлениялъул нухмалъулев,**
**ГӀабдулахӀажи ГӀабдулкъадиров, Гумбет районалъул бетӀерасул ишал тӀуралев,**
**НурмухӀамад ГӀалиев,**
**Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат,**
**МухӀидин МухӀидинов,**

**Гумбет районалъул гӀуцӀабазул нухмалъулел, росабазул бутӀрул, депутатал, жамгӀиял хӀаракатчагӀи, районалъул тӀолабго жамагӀат.**

БетӀерав редактор
ХӀамзат ГӀизудинов
телефон: 26-254
Газета гӀуцӀаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтӀа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Кърумагъиз ХӀадисова
Корреспондентал:
ГӀайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухӀамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахӀачхъала, Пушкинил къватӀ, 6

Газета къватӀибе бачӀунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цӀаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1264
Газета къватӀибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хӀакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хӀужабазул, цӀаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.